



Pou Piblikasyon Imedya: 22/07/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL, MAJISTRA ADAMS, AK KONTWOLÈ NYC LANDER ANONSE
ENVESTISMAN 500 MILYON DOLA POU KONSTWI AK PREZÈVE LOJMAN
ABÒDAB NAN VIL NEW YORK**

*Akò a deziyen lajan ki soti nan Fon Objektif Komen Otorite Battery Park City a ki
dwe depanse pou lojman abòdab*

*Bati sou Angajman pou abòde kriz lojman New York la nan ogmante estòk lojman
ak bon jan kalite kay ki pi an sekirite, pi abòdab, sa k ap redui pri lojman nan tout
Eta a*

Gouvènè Kathy Hochul, Majistra Eric Adams ak Kontwolè Vil New York la Brad Lander te anonse jodi a yon investisman 500 milyon dola nan Fon Objektif Komen (Joint Purpose Fund) Otorite Battery Park City (Battery Park City Authority, BPCA) a pou konstwi ak kenbe lojman abòdab atravè Vil New York. Atravè yon akò ant BPCA a, Majistra a, ak Kontwolè a, BPCA a pral debouse 500 milyon dola nan fon fonksyonman ki anplis nan Fon Akseleratè Lojman Abòdab Vil New York la nan objektif pou konstwi lojman abòdab.

Akò a bati sou angajman Gouvènè Hochul, Majistra Adams ak Kontwolè Lander pran pou adrese kriz lojman an, bati kay ki pi an sekirite, ki pi estab ak pi bon mache, epi redwi depans lojman pou Nouyòkè yo.

"Nan sa ki gen pou wè ak konstwi kay abòdab ke Nouyòkè yo merite, administrasyon mwen an ap neglije okenn efò", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Akò sa a pral transòme lajan anplis ki soti nan Otorite Battery Park City a an yon gwo investisman 500 milyon dola pou ede Vil New York reyalize potansyèl lojman li. Soti nan akò bidjè enpòtan nou an pou abòde kriz lojman an rive nan envestisman ki pote transfòmasyon ki fè lojman bati, m ap kontinye travay ak patnè tankou BPCA, Majistra Adams ak Kontwolè Lander epi m ap goumen pou yon New York ki pi abòdab epi ki pi bon pou viv."

BPCA se yon sosyete enterè piblik Eta New York ki responsab pou opere, kenbe, ak amelyore Battery Park City, yon kominote 37 ekta espas rezidansyèl, komèsyal, vant an detay, ak espas ouvè nan sid Manhattan. Pandan Battery Park City t ap devlope, BPCA te antre nan ontra lwaye alontèm ak devlopè yo, sa ki te kreye revni lwaye nan bilding komèsyal ak rezidansyèl ki sèvi kòm sous prensipal finansman pou angajman lojman abòdab sa a.

Akò Fon Objektif Komen jodi a reyisi akò anvan an pou debousman depasman revni fonksyonman BPCA yo, ki depi 2010 te kontribye 461 milyon dola nan finansman devwe pou lojman abòdab atravè senk minisipalite yo epi li te ede konstwi oswa prezève plis pase 10,000 inite lojman abòdab.

Majistra Vil New York, Eric Adams, te deklare, "Pou rezoud yon kriz lojman ak abòdabilite jenerasyonèl, chak sektè gen yon wòl pou jwe nan bay sekou pou Nouyòkè klas travayè yo. Anons jodi a mennen nou nan yon etap pi pre pou nou bay soulajman sa a. Administrasyon nou an ak patnè nou yo ini pa yon kòz komen: bati plis lojman abòdab. Sèl fason pou rezoud de kriz sa yo se senpleman bati plis, e avèk angajman 500 milyon sa a, n ap mete tèt ansanm pou sèvi ak dola nou yo pou fè yon diferans ak pi byen sipòte Nouyòkè klas travayè yo."

Kontwolè Vil New York la, Brad Lander, te deklare, "Finansman pwodiksyon lojman abòdab rete zouti ki pi pwisan Vil la nan konbat kriz lojman abòdabilite vil la. Envestisman enpòtan 500 milyon dola sa a pral ede asire ke Vil New York ak Eta a gen resous nou bezwen pou bay Nouyòkè yo yon lojman ki an sekirite ak abòab."

Prezidan Konsèy BPCA a, Don Capoccia, te deklare, "Mwen fyè dèske kòm rezilta gwo jerans finansye Battery Park City nou nan pozisyon pou nou reyangaje pou nou adrese defi lojman abòdab New York yo. Mwen vle remèsye Gouvènè a, Majistra, ak Kontwolè a pou patenarya yo nan efò sa a e pou asire ke tout lajan sa a pral bati ak prezève lojman abòdab."

Prezidan ak PDG BPCA Raju Mann, te deklare, "Otorite Battery Park City a gen yon eritaj nan finansman lojman abòdab atravè New York, epi nou kontan anpil pou n bati sou eritaj sa a jodi a. N ap fè fas ak yon kriz lojman epi 500 milyon dola sa a pral ede kreye lojman ki estab abòdab pou plizyè milye Nouyòkè."

BPCA posede 37 kawo tè ki genyen katye a, ak tout bilding ki posede pa yon twazyèm pati nan Battery Park City nan kad soulokasyon tè Otorite a. Estrikti finansman BPCA a, depi kreyasyon li a, sipòte alafwa katye Battery Park City a – finansman antretyen espas ouvè yo, anbelisman ak pwogramasyon katye a, epi sipòte sèvis dèt yo itilize pou finance pati nan pwojè kapital BPCA yo – ak Vil New York – kontribiye nan alafwa Fon Jeneral li a ak nan inisyativ lojman abòdab nan tout vil la.

BPCA kolekte revni nan sou-lokasyon tè sa yo sou fòm lwaye tè, Peman an plas Taks (Payments in lieu of Taxes, PILOT), ak lòt frè. Revni sa yo an premye finance depans fonksyonman ak sèvis dèt BPCA yo, avèk majorite fon ki rete yo, ke yo rele "revni ki anplis", yo distribye bay Vil la chak ane. Pati ki asosye ak PILOT (apeprè 80 pousan nan revni ki anplis BPCA a) ap vèse bay Fon Jeneral Vil New York la epi patisipasyon ki asosye ak lwaye tè a asiyen nan yon Fon Objektif Konjwen, ke Majistra a, Kontwolè Vil New York la, ak BPCA deside itilizasyon li yon fason inanim. Nan fason sa a, BPCA te jwe yon wòl dirèk nan pwomosyon konstriksyon lojman abòdab nan Battery Park City,

epitou li te kontribye lajan nan pwogram lojman abòdab Vil New York la, pandan plizyè dizèn ane.

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare "Envestisman 500 milyon dola sa a nan lojman abòdab se yon vrè temwayaj koperasyon ant patnè gouvènman nou yo. Envestisman tankou sa a konplete plan lojman Gouvènè Hochul ki bay priorite pou ogmante rezèv lojman nou an epi fè New York vin yon kote pou w viv ki pi abòdab. Nou enpasyan pou kontinye travay nou avèk Majistra Adams, Kontwolè Lander, ak BPCA pandan n ap atake kriz lojman an."

Majistra Adjwen pou Lojman, Devlopman Ekonomik ak Mendèv Vil New York la, Maria Torres-Springer, te deklare, "Administrasyon nou an dedye pou rezoud kriz lojman nou an nan bati ansanm ak patnè yo atravè gouvènman an. Envestisman istorik sa a ak administrasyon nou an, Gouvènè Hochul, Kontwolè Lander, ak Otorite Battery Park City a satisfè moman sa a, ofri lojman abòdab pou Nouyòkè yo, epi fè pwogrese objektif anbisye nou an ki se 500,000 nouvo kay pou Nouyòkè yo nan 2032."

Prezidan Kòporasyon Devlopman Lojman Vil New York, Eric Enderlin, te deklare "Pandan kriz lojman Vil New York la ap vin pi grav epi pri pou konstwi nouvo lojman abòdab kontinye ap ogmante, nou apresye efò lidè vil ak eta nou yo ap fè pou jwenn nouvo sous finansman inovan ki esansyèl pou ogmante rezèv lojman nou an. Nou enpasyan pou nou kolabore avèk patnè nou yo pou pwofite finansman vital sa a epi bay plis lojman pou Nouyòkè yo."

Adolfo Carrión Jr., Komisè Depatman Prezèvasyon ak Konstriksyon Lojman Vil New York, te deklare, "Envestisman 500 milyon dola pou plizyè ane sa a nan lojman abòdab se yon akò ki pral fè plis pase bati plis building an blòk ak mòtye, li pral transfòme lavi epi kreye nouvo avni pou moun ak fanmi k ap tann lojman an sekirite, ak abòdab. Jodi a, an kolaborasyon ak lidè vil yo ak eta yo, nou renouvle ak pwolonje patenarya sa a pou nou fè ansanm tout sa nou kapab pou atake kriz lojman an. Lè nou konsidere ansanm ak zouti lejislatif eta ki fèk garanti yo, yon envestisman vil enpòtan nan finansman lojman nan bidjè adopte a, ak posibilite pou chanjman dekoupaj zòn ki rive yon fwa pa jenerasyon pou akselere konstriksyon ak rezèv, nou gen yon plan ki mete nou nan direksyon nou bezwen an pou kreye aksè ak lojman nou merite."

Direktè Egzekitif Vil New York pou Lojman Leila Bozorg te deklare, "Konstwi ak prezève kay ki pi abòdab se yon priorite absolü an fas kriz lojman k ap kontinye a. Mwen gen anpil apresyasyon pou Majistra Adams pou lidèchip klè li nan investi nan lojman, ak pou Gouvènè Hochul, Kontwolè Lander, ak Otorite Battery Park City a pou patenarya enpòtan sa a ki vize pou rann opsyon lojman abòdab nan vil nou an pi abondan."

Lidè Majorite Sena Eta a, Andrea Stewart-Cousins te deklare, "Lojman te san ekivok nan premye sesyon lejislatif sa a, epi nou te travay san pran souf pou asire chak Nouyòkè gen aksè ak yon lojman ki an sekirite ak abòdab. Anpil ane estagnasyon nan

konstriksyon nouvo lojman abòdab nan Eta New York rive nan fen li. Envestisman 500 milyon dola sa a pral kontinye angajman kontinyèl nou pou ranfòse rezèv lojman nou an epi revitalize estòk lojman abòdab ki egziste deja. Kòm Lidè Majorite a, mwen fyè pou m sipòte inisyativ ki priyorize lojman abòdab, pou asire tout Nouyòkè yo gen yon kote pou yo rele lakay yo. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul, Majistra Adams, ak Kontwolè NYC a Lander pou patenarya yo ak travay yo pou garanti envestisman enpòtan sa a."

Senatè Eta a Brian Kavanagh te deklare, "Alokasyon 500 milyon dola sa a kontinye yon angajman enpòtan alontèm Eta, Vil la, ak Otorite Battery Park City pou sipòte efò nou yo pou asire tout Nouyòkè yo gen aksè ak lojman ki an sekirite, abòdab ak dirab. Mwen remèsye Gouvènè Hochul, Majistra Adams, Kontwolè Lander, ak Direktè BPCA Raju Mann pou lidèchip ak devouman yo pou abòde kriz lojman an. Mwen espere kontinye travay ak yo, ak kòlèg nou yo nan tout nivo gouvènman an, ak kominote nou yo pou ede asire ke finansman sa a gen pi gwo enpak posib, epi sitou pou idantifye opòtinite pou ogmante abòdabilite nan Sid Manhattan."

Manm Asanble Charles D. Fall te deklare, "Mwen kontan anpil pou m wè envestisman enpòtan 500 milyon dola nan lojman abòdab ki te anonse pa Gouvènè Hochul, Majistra Adams ak Kontwolè Lander. Sa a se yon etap ki enpòtan anpil nan abòde kriz lojman an epi asire Nouyòkè yo ka jwenn aksè ak kay ki estab, abòdab. Desizyon pou alwe finansman nan Fon Objektif Komen Otorite Battery Park City a mete aksan sou yon angajman solid pou pwofite resous ki disponib pou benefis piblik la. Nou konnen ke lojman abòdab se yon enkyetid ijan nan vil nou an, epi envestisman sa a pral soulaje anpil fado sou anpil fanmi ki fè fas ak lit finansye. Mwen kontan patikilyèman ke inisyativ sa a pral sipòte 5 World Trade Center ak distri ki antoure a, zòn ki depi lontan bezwen solisyon lojman abòdab. Mwen paka tann pou m wè enpak pozitif finansman sa a pral genyen sou kominote nou yo ak rezidan yo."

Manm Asanble Linda B. Rosenthal te deklare, "Lè yo debloke yon anvlop 500 milyon dola pou ale nan konstriksyon ak prezèvasyon lojman abòdab nan Vil New York, se yon moman favorab ak yon moman pou aplodi epi kòmanse planifye. Lè yo alwe finansman an nan mitan yon kriz lojman abòdab, se yon moman pou nou aplodi epi vin gen plis espwa pou nou kapab atenn bezwen dezespere pou lojman abòdab la, deklarasyon Manm Asanble Linda Rosenthal, Prezidan Komite Lojman Asanble a. Mwen rekonesan dèske Gouvènè Hochul, Majistra a ak Kontwolè a te deziyen finansman nan Fon Objektif Komen Otorite Battery Park City a pou yon objektif itil konsa, epi mwen espere wè nouvo inite ki an sekirite, ki garanti ak abòdab parèt nan tout pati vil la."

Prezidan Minisipalite Manhattan lan, Mark Levine, te deklare, "Chak dola ke nou ka mete nan lojman abòdab pral fè yon New York ki pi fasil pou viv. Anons jodi a make yon envestisman transfòmatif nan estòk lojman New York la. Abòde kriz lojman abòdab vil la mande solisyon kreyatif, epi mwen rekonesan anvè BPCA, Gouvènè Hochul, Majistra Adams, ak Kontwolè Lander pou lidèchip yo sou sa."

Manm Konsil Vil New York la, Christopher Marte, te deklare, "Nou kontan anpil pou lidèchip Gouvènè Hochul ak Kontwolè Lander nan adopte politik sa a ke kominote a ap mande depi lontan. Otorite Battery Park City a jenere anpil revni, sitou nan rezidan li yo, ki te mande pou kontribisyon yo ale nan yon sous ki gen sans - pa sèlman nan fon jeneral vil la. NYC ap fè fas ak yon kriz abòdabilite, epi plis finansman ak investisman masiv sa a kapab kontribiye yon fason konsiderab pou satisfè bezwen ijan Nouyòkè yo k ap fè fas ak lwaye ki ap ogmante. Nou gen espwa ke kèk nan lojman abòdab sa yo ka bati nan Battery Park City li menm, pandan katye sa a ap kontinye grandi ak pwospere."

Prezidan Komite Kominotè 1 Manhattan lan, Tammy Meltzer, te deklare, "Bati lojman divèsifye sou plan sosyo-ekonomik nan chak katye se yon eleman esansyèl pou asire rezistans Vil New York ak tout kominote li yo. Nou kontan anpil dèske tout debousman revni fonksyonman anplis BPCA yo pral dedye pou finanse lojman abòdab. CB1 espere kolabore ak Lidè Eli nou an pou idantifye fason pou retabli abòdabilite nan zòn ki pèdi plizyè milye inite lojman abòdab, tankou Sid Manhattan epi espere ke fon yo fasilite estabilite lojman pou Nouyòkè ki vle travay ak viv isit la."

Agenda Lojman Gouvènè Hochul la.

Gouvènè Hochul rete angaje l pou l ogmante rezèv lojman ki an sekirite, ki estab, ak abòdab atravè New York epi redwi depans lojman pou tout Nouyòkè yo. Nan kad Bidjè Ane Fiskal 25 la, Gouvènè Hochul te goumen pou jwenn yon akò lojman enpòtan pou ogmante rezèv lojman New York nan ankouraje nouvo konstriksyon lojman, ki gen ladan lojman pou lokasyon abòdab ak opòtinite pou aksè ak pwopriyete kay, nan Vil New York; sa k ap etann dat limit fini pou pwòje nan pwogram ankourajman 421-a ki ekspire kounye a; ankouraje abòdabilite nan konvèsyon komèsyal nan rezidansyèl nan Vil New York; otorize Vil New York pou leve restriksyon ki demode sou dansite rezidansyèl nan Vil New York; epi kreye yon chemen pou legalize apatman sousòl ak kav ki egziste deja nan kèk zòn nan Vil New York.

Anplis de sa a, nan kad Bidjè ane fiskal 2023 a, Gouvènè a te anonse yon Plan Lojman senkan, 25 milya dola pou kreye ak prezève 100,000 kay abòdab nan tout eta. Yo te kreye oswa konsève plis pase 40,000 kay jiska dat.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)